




NAMA :
KELAS :
No ABSEN :

WAYANG

PIWULANG 7
BASA JAWA



KELAS V SEMESTER 2



Wayang

Yaiku jenenge tontonan kanthi pepethan uwong, kewan kang ginawe saka walulang utawa kulit kewan, kayu, godhong, kain lan sapanunggale.

Wayang minangka salah sawijining asil kabudayan Jawa. Wayang wis kondhang tekan mancanegara. Sing dimangerteni, wayang iku ana wayang kulit lan wayang wong. Nanging, jan-jane wayang iku ana akeh. Kayata wayang beber, wayang dupara, wayang menak, wayang krucil, wayang golek, lan liya liyane. Nanging, sing kondhang ya mung wayang kulit. Wayang kulit utawa wayang purwa yaiku wayang sing digawe saka walulang (kulit). Wayang kulit nyeritakake lelakone Ramaya lan Mahabarata.

Ana ing sajroning pagelaran wayang, piranti kang mesthi kudu ana yaiku wayang. Saliyane wayang, supaya pagelaran bisa kalaksanan kanthi lancar mula diperlokake maneka warna piranti liyane, kayata ing ngisor iki.

Piranti pagelaran wayang:

- Kelir, yaiku sawijining kain kang dijereg/digelar supaya wayang iku bisa ditonton lumantar piranti kelir.
- Blencong, yaiku lampu kang digunakake nalika pagelaran wayang.
- Kothak, yaiku wadhah kanggo nyimpen wayang. Kothak iku digawe saka kayu lan kadhapuk saka rong bagean sing ditemokake tanpa engsel, yaiku bageyan wahah lan bageyan tutup sing kepisah.
- Kepyak, yaiku piranti sing dumadi saka 3 utawa 4 iji tembaga utawa kuningan. Kepyak diunekake nalika pagelaran wayang lan ngetokake swara “pyak”.
- Dhalang yaiku wong sing nglakokake wayang ing pagelaran wayang kulit.



Srikandhi iku prajurit wanodya kang jujur, cukat, trengginas, omongane ladak, kumresek, nanging ngatasi karya, setya marang garwa, tata kramane genep. Srikandhi iku minangka satriya perang. Srikandhi iku prigel manah lan pinter perang. Mula saka iku, ora kleru menawa Srikandhi diangkat dadi senopati perag dening Pandhawa ndampingi Arjuna nalika Perang Bharatayuda ing lapangan.

Srikandhi ngadhapi Resi Bisma nalika Perang Bharatayuda. Bisma netepi janjine bakal ngayomi sapa wae jumeneng nata ing Astina. Sejatine, Bisma iku ora seneng marang tumindake para Kurawa. Ananging sabda pandhita ratu ora kena wola-wali. Bisma dadi senapati Kurawa. Pandhawa kontringan, prajurit padha mati, ora ana kang wani ngadhapi Bisma kakekne. Amung Resi Seta kang bisa nanggulangi Bisma. Bisma kalah mungsuh Resi Seta. Bisma sambat sebut marang ibune Dewi Gangga ing pinggiring Bengawan Gangga.

Bisma kang wis kamigilan marang tandhange, agawe Seta bali gumegrah bareng diwenahi pusaka naran Cucukdhadhang. Bisma maju maneh lumawan Seta. Seta gugur kena pusaka Cucukdhadhang, banjur Bisma ngamuk punggung. Bala Kurawa kaul, nganti wengi ora gelem madheg mateni prajurit Pandhawa. Kamangka, aturane ora kena perang ing wayang wengi. Kresna dadi Wisnu marepegi Bisma, yen ora bisa ngatur prajurite, Bisma bakal ditamani senjata Cakra Baskara. Bisma matur ing ngarepe wisnu menawa wis jeleh urip, rumangsa dosa lan nelangsa labuh marang Astina sing angkara murka. Sejatine ing batin, Bisma tresna marang Pandhawa. Dheweke matur manawa patine dipasrahke marang prajurit wanita. Bhathara Kresna tanggap, lan Srikandhi didadekake senapati.

Kurawa ngece marang Pandhawa amarga sing maju perang Srikandhi. Jarene Pandhawa wis kentekan prajurit, mula sing diajokake wanita. Iku geguyonane Kurawa. Kacarita, sukmane Dewi Amba wis ana angkasa, tumiyup manunggal ing anggane Srikandhi. Dewi Amba nagih sabda marang Bisma. Nalika semana, Dewi Amba kewirangan awit saka pokale Bisma. Amba kena panahe Bisma sanajan ora disengaja. Amba banjur matur ora gelem munggah swarga yen ora bareng karo Bisma. Srikandhi sing rada miris, dadi kendel kepati pati. Ska kadohan, Bisma wis uninga lamun kang maju satuhune ora Srikandhi nanging Dewi Amba. Weruh sukmane Dewi Amba, Bisma ngalumpruk kaya kentekan daya eling welinge Amba. Weruh sukmane Dewi Amba, Bisma ngalumpruk kaya kentekan daya eling welinge Amba. Srikandhi mulat sigra nyekel Panah Pasopati. Panah diculake. Panah disaut dening dewi Amba lan ditamakake ing jajane Bisma. Getih muncrat, nyawa pegat. Srikandhi mati kanthi cara culika dening Aswatama. Srikandhi nunggoni bayi Parikesit. Aswatama nyebar sirep, Srikandhi keturon, banjur ditigas janggane dening Aswatama.

**Wangsulana pitakon-pitakon ing ngisor iki
adhedhasar crita ing ndhuwur!**

1. Srikandhi minangka prajurit kang nduweni sipat kepriye?

2. Sapa kang diadhepi dening Srikandhi ing Perang Bharatayuda?

3. Sapa asmane ibune Resi Bisma?

4. Apa arane gamane Bisma?

5. Apa kang njalari Bisma gugur?

Pilihèn wangsulan kang bener!

1. Wong sing nglakokake wayang ing pagelaran wayang kulit diarani . . .

- A. niyaga
- B. waranggana
- C. dhalang
- D. Sindhen

2. piranti wayang kaya ing gambar iku arane . . .

- A. kelir
- B. blencong
- C. kèpyak
- D. Kothak

3. Piranti wayang awujud wadhah kanggo nyimpen wayang kang digawe saka kayu, kadhapuk saka rong bagean sing ditemokake tanpa engsel yaiku . . .

- A. Kelir
- B. Kothak
- C. Kepyak
- D. Blencong



Pilihen wangsulan kang bener!

4. Srikandhi ngandhepi . . . nalika Perang Baratayuda

- A. Pandhita Durna
- B. Prabu Drupada
- C. Raden Arjuna
- D. Resi Bisma

5. Watak kang ora diduweni Srikandhi yaiku . . .

- A. Jujur
- B. Klemak klemek
- C. Cukat
- D. Trengginas

6. Srikandhi iku madeg senapati nalika perange Pandhawa . . .

- A. Gonjalisuta
- B. Bharatayuda
- C. Brubuh
- D. Kembang

7. Ing perang Bharatayuda, kang dadi senapatine Pandhawa yaiku . . .

- A. Bisma
- B. Dewi Surtikanthi
- C. Sembadra
- D. Srikandhi